

**ЗУНД АДÆЙМАГÆН НАДАМОНÆГ ÆЙ, ЗÆРДÆ БА ИН – ÆХСАРÆДÆТТÆГ!..**

***Иван КРЫЛОВ (1769-1844), финсæг: «Дæхецæн æмбал ку равзарай, уæд адæмæн равдесдзæнæ дæхе фæлгонц, байгон кæндзæнæ дæхе зæрдæ... Фæндуй дæ, адæм дæ цæмæй нимайуонцæ, е? Зундгин, кадгин адæймæгути хæццæ æмдзæхдон уо... Тухгин ун æй хуарз, зундгин ун – дууæ хатти хуæздæр...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

0+

№2 (922) 2024 анзи 23 январь – æнсури мæйæ

Аргъ 1 туман




ДЗАНАЙТИ Азанбеги конд хузæ «ХУÆНХÆГТÆ ИУАЗÆГУАТИ ЛЕНИНМÆ».

## ЛЕНИН... ÆРИМИСÆН ИН Æ РОХС НОМ...

**Аци хузæ абони ке мухур кæнæн, е кæмæдæрти æнахур дæр фæккæсдзæнæй – советон цардарæзти фехæлди фæсте нæ паддзахади гъуддæгутæ ка фæххеуон кодта æма сæ сæхе «сæризундмæ» гæсгæ аразун ка байдæдта, етæ сæ уодæй-уод кодтонцæ (уогæ – нерæнгæ дæр син банцайæн нæййес). Ленин æма е 'мтохгæнгути адæмæн фенадæ кæнунбæл. Кæд син уомæй еуцæйбæрцæ цидæртæ дæр бантæстæй (уæлдайдæр ба – нæуæг, советон цардарæзти фæсте ка фæззиндтæй, еци кæстæрти сæри зунд нидздзæгъæлтæ кæнуни), уæддæр сæ фудвæндитæй уоййасæбæл неци рауадæй – адæм æй уинунцæ, раздæри рæстæгути ци куд адтæй æма нур куд æй, уой.**

**Уогæ абони мах Ленини æма е 'мтохгæнгути сæрбæл тох исаразуйнаг нæ ан – рæстæгутæ цæунцæ æма етæ алцæмæн дæр растдæр аргъ искæнунцæ. Ленини ба абони уомæ гæсгæ имисæн, æма 21 январи сæдæ анзи исæнхæст æй, æ уæлзæнхон цардæй ку рахецæн æй, уобæл (1870-1924). Æма 'й нæхецæн ихæсбæл банимадтан æ рохс ном ин æримисун. Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 6-7-аг фæрстæбæл.**

НОМЕРÆН: НÆ ДЗИЛЛÆ СИ СÆРУСТУР ÆНЦÆ...

## ÆНДОНÆЙ ХЪÆБÆРДÆР – БÆГЪАТÆРИ ÆХСАРÆ!..



Устур Фидибæстон тугъди будурти Иристони тугъдонтæ сæхе куд бæгъатæрæй æвдистонцæ, уой туххæй финстонцæ берæ зундгонд публицисттæ æма финсгутæ. Зæгъæн, æнæгъæнæ дуйнебæл номдзуд советон финсæг Илья Эренбург 1942 анзи æ уацтæй еуеми Милдзихти Заурбеги фурт Хаджимурзи туххæй уотæ финста: *«...Фондзинсæй немуцагемæй фулдæр ниццагъта Иристони сахъ хъæболæ Милдзихи-фурт. Нæ бæсти ин кæци кизгæ нæ райарфæ кæндзæнæй?.. Уомæн æ тохæндзаумауи фæттæ тæхунцæ зæрдибунæй æма уой туххæй нæ рæдуйуй, уомæн æй рæстдзæвиннæ. Æхуæдæг уотæ фæззæгъуй: «Фидибæстæ зин уавæри ку бахауй, уæд иристойнаг уайтæккæ саргъбæл равзуруй!..»*

Номдзуд финсæг хумæтæги нæ ракодта не 'мзæнхон æхсаргин тугъдони кой. Устур Фидибæстон тугъди рæстæг иристойнæгтæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном лæвæрд кæмæн æрцудæй, уонæй тæккæ фиццагдæр аккаггонд æрцудæй Милдзихи-фуртæн. Æ рæстæги дæр æма абони дæр ма си нæ дзиллæ сæрустур æнцæ.

Абони ба ин æ рохс ном имисæн уомæ гæсгæ, æма 1 январи æ райгурдбæл исæнхæст æй фондз æма фондзинсæй анзи. Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 3-аг фарсбæл.

ЗОНУЙНАГ



## АНЗ ДÆР МА Æ НОМÆЙ КУ ИСФЕДАУЙ...

Зундгонд куд æй, утемæй алли анзæн дæр фæууй æхе ном. Аци анз къæлиндармæ гæсгæ уруссагау хуннуй «Год Дракона». Нæ маддæлон æвзагмæ 'й ку ратæлмац кæнæн, уæд еци таурæхъон сирди ном хуннуй кæфхъундар, дигоронау ба ин ес цалдæр номи – кæфхъундар, руймон, залиаг. Еци нæмттæй алке фæдбæл дæр ес балæдæрунгæнæн æрмæгутæ. Нæ равгитæ куд амононцæ, уомæ гæсгæ си кæцидæрти мухур кæндзинан. Абони ба уæ зонгæ кæнæн, нæ зундгонд ахургонд æма финсæг Джусойти Нафи дзурд «кæфхъундар»-и туххæй кæддæр ци уац нифfinста, уой хæццæ.

## ЦИ АМОНУЙ ДЗУРД «КÆФХЪУНДАР»

Скъоламæ цæунгъон сабий ма ку адтæн, уæд æй базудтон: кæфхъундар æй африкаг устур цæугæдæнтти цæрæгой, мæнæ уруссагау крокодил ке хонунцæ, е. Æ уиндæй æнкъуæлхи хузæн, фал æверхъау устур, тухгин, тогцъух. Ес ин даргъ æма ставд дæндæгутæ, æ цъух Къасарай коми хузæн. Æ цæф домбайбæл ку исæмбæла, уæддæр æй фæммард кæндзæнæй. Скъоламæ цæунгъон ку нæма адтæн, уæдта зудтон аргъæуттæй: кæфхъундар æй лæгхуар цæрæгой, дони æрбадуй æма донæй ниуазун (хæссун) некæмæн уадзуй, æнæцуд кизгæ кенæ ин уосгор биццеу ку нæ раттонцæ адæм, гъæубæстæ, уæд. Æ амæттаги фидæй ку бафсæдуй, уæд раттуй дон адæмæн, цалинмæ бабæй нæуæгæй не 'сæстонг уй, уæдмæ...


8



**РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»**

2024 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.
Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИМБЕСÆН ÆЙ 368 СОМИ ÆМА 10 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 324 СОМИ ÆМА 48 КЪАПЕККИ.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА ПОСТХÆСГУТÆМÆ.

*Арсений ГУЛЫГА (1921-1996), философон наукити доктор:*
***«Адæмихатти царддъондзийнади фарстатæн сæ сæйрагдæр æй хелæдæрундзийнадæ. Адæм… адæмихатт исунцæ, сæ хецæндзийнади хуæдхуз лæдæрун ку райдайунцæ, дуйней адæмти ’хсæн бæлвурд бунат ку æрахæссунцæ, уæд…»***

## АХСГИАГ МАДЗАЛ




Цæгат Иристон архайдзæнæй 28-30 майи сахар Минеральные Водыйи ци дуккаг Кавказаг инвестицион форум арæзт æрцæудзæнæй, уоми. Республикæ си бавдесдзæнæй кластер «Агропромышленнон комплекс»-и транспортон-логистикон комплекси нæуæг туристон фæзуæтти, балеркæсæлгитæ дарунади хæдзаради, алли афæнтти косæг фæлладуадзæн туристон комплекс «Мамисон»-и туххæй. Куд нисангонд цæуй, уотемæй Форуми Цæгат Иристонæн уодзæнæй равгæ инвестицион проектти æма æмгустади бадзурдтæ бафинсунæн, хе уагъд продукций хузтæй мадзалмæ æрбацæуæг адæми фæххинцунæн, рæуæг промышленности уагъд дзаумау равдесуни гъуддæгутæ исæнхæст кæнунæн.

## НАЦИОН ПРОЕКТТÆ

Уæрæсей регионалон райрæзти фарстати фæдбæл хецауадон къамиси президиумæн æрæги ци æмбурд адтæй, уоми дзубанди цудæй, евгъуд анзи дæргъи фиццаг кезуй национ проекттæ æма нисанмæ арæзт федералон программитæ куд æнхæстгонд æрцудæнцæ, уобæл. Æма еци гъуддаги регионтæй ахедгæдæр хузи ка байархайдта, еци фондз раздзæуæгей хæццæ нимад æрцудæй Цæгат Иристон дæр. Æмбурди ма куд амунд æрцудæй, уотемæй национ проекттæ æма федералон программити фæлгæти куст цæудзæнæй идарддæр дæр. Зæгъæн, архайд цæудзæнæй 2030 анзи уæнгæ коммуналон инфраструктури модернизаций еугурвæрсуг программæ бацæттæ кæнунбæл. Еци æууæл лæдæргæй, регионти минæвæрттæн фæдзæхст æрцудæй, цæмæй сæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради нивæбæладæн агъазгæнæг программитæ афойнадæбæл бадæттонцæ федералон профилон ведомствитæмæ.

## НОМЕРÆН ЕРИСТÆ

Рæхги Красноярски райдайдзæнæй Иван Ярыгини номбæл дуйнеуон турнир уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстæй. Аци аллианзон мадзалæн æ ахедундзийнадæ устур æй. Уæрæсей номæй си ци богæлттæ фæххуæцунцæ, уонæй ами исбæлвурд кæнунцæ, нæ бæсти номæй Европæ æма дуйнеуон чемпионатти ка хуæцдзæнæй, уони. Уомæ гæсгæ Иван Ярыгини номбæл турнири еристи фæййархайунцæ тæккæ хъаурæгиндæр богæлттæ Уæрæсей æма æндæр бæститæй дæр. Цæгат Иристони номæй еци турнири аци анз ка хуæцдзæнæй, етæ сæхе бундоронæй цæттæ кодтонцæ Хæдарцати Аслани номбæл гъæбесæйхуæсти академий. Иристойнæгтæй уæлдай ма си адтæнцæ Уæрæсе æма æндæр бæститæй æрбацæуæг богæлттæ дæр. Сæ хæццæ кустонцæ Иристони зундгонд тренертæ.

## АХСГИАГ МАДЗАЛ

### ÆХСÆНАДОН ФÆЗУÆТТÆМÆ – ЦÆСТДАРД

Еугур Уæрæсей куд æй, уотæ Цæгат Иристони дæр 15 мартъийæй фæстæмæ æ тухи бацудæй 2024 анзи æхсæнадон фæзуæттæмæ базелуни, исцалцæг кæнуни онлайн-гъæлæскæнуйнадæ.

Еугур нисантæ конд цæунцæ национ проект «Цæрæнуæттæ æма сахайраг алфамбулай»-и фæлгæти. Гъæлæс кæнæн уодзæнæй 30 апърелмæ сайт https//15. gorodsreda.ru/. Цæгат Иристони алли цæрæг дæр, 14 анземæй хестæр куд уа, уотемæй æ бон уодзæнæй æхсæнадон фæзуæтти ирæзтбæл байархайун. Уой туххæй гъæуама равзара еу æхсæнадон фæзуат. Нуртæккæ бал бунæттон хеунаффæйади администрацитæ цæттæ кæнунцæ базелуйнаг æхсæнадон фæзуæтти хигъд.

Республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** куд фæббæрæг кодта, уотемæй цæгатиристойнæгти рахастæй аразгæ уодзæнæнцæ еугур гъуддæгутæ. «Комкоммæ нæ цæргутæ сæ гъæлæстæ ратдзæнæнцæ парктæ, сквертæ, сахарти, гъæути фæлгонцади туххæй. Цæмæй 2025 анзи еугур еци объекттæмæ базелонцæ, исцалцæг сæ кæнонцæ, уобæл нур байархайун гъæуй. Еумæ бавналæн нæ сахартæ, гъæутæ федауцæдæр искæнунмæ. Цæгат Иристони цæрæн бунæттæ рæсугъддæр фадуатгиндæр исаразуни туххæй гъæлæс кæнуни байархайетæ», – фæдздзурдта республики Сæргълæууæг.

Уомæй уæлдай, сайт «Добро. РФ»-й уодзæнæй бархеуон агъазгæнгути регистраци искæнуни фадуат, етæ адæммæ еугур хабæрттæ хъæртун кæндзæнæнцæ. Сæ архайд хъæбæр ахсгиаг уодзæнæй аци гъуддаги. Куд зонæн, уотемæй Цæгат Иристон аци проекти архайуй 2021 анзæй фæстæмæ. Уой фæрци хъæбæр берæ фæзтæ, сквертæ, парктæмæ базилдæнцæ, исфæлгонц сæ кодтонцæ еугур фадуæттæй. Адæм сæ фæллад уоми уадзунцæ, сæхе ерхæфсунцæ. Сувæллæнттæн си еугур равналæнтæ дæр ес.



## СОЦИАЛОН-КУСТАДОН ФАРСТАТÆМÆ – ЕУДАДЗУГОН ЦÆСТДАРД



# ФÆЛЛОЙНÆГÆНÆГИ БАРТÆ ГЪÆУАМА СÆЙРАГДÆР УОНЦÆ!..

Нæ республики хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис** ин разамунд лæвардта, уотемæй æрæги арæзт æрцудæй социалон-фæллойнадон рахастдзийнæдтæ нивæбæл кæнуни æртæвæрсуг Къамиси æмбурд. Архайдтонцæ си профцæдести æма кустдæтгути минæвæрттæ.

Нæ республики профцæдесон организацити Еугонди сæрдар **Касати Таймораз** æмбурди архайгути базонгæ кодта Цæгат Иристони тæккæ минкъийдæр мизди туххæй регионалон проекти хæццæ. Куд бафеппайдта, уотемæй мах ан, бюджетон къабази мизди ихæстæ ка не ’руадзуй, Уæрæсей еци регионти ’хсæн.

Мизд федуни фарстай фæдбæл радзурдта республики фæллойни паддзахадон инспекций разамонæг **Берозти Тамерлан** дæр.

Æмбурди ма æркастæнцæ Цæгат Иристони профцæдесон федераций, республики кустдæтгути еугонди æма Хецауади ’хсæн аразидзийнади 2024-2026 æнзтæмæ æртæвæрсуг проектмæ. Уоми уæлдай æргом æздæхт цæуй фæллойни базари ирæзтмæ, æгуст адæмæн фæййагъаз кæнунмæ, фæллойни æдасдзийнади уавæртæ исаразунмæ.

Касати Таймораз куд фæббæрæг кодта, уотемæй аразидзийнади проекти бæлвурдгонд цæунцæ мизд фæффулдæр кæнуни, æфтуйæггæгти ирæзти, æма фæллойнæгæнæг адæми социалон æгъдауæй гъæуай кæнуни фарстатæ. Уоми бунат иссирдтонцæ социалон æма фæсевæдон политики æмархайд, косгути æдасдзийнадæ æма æнæнездзийнадæ. Финст си æрцудæнцæ кусти уавæртæ фæххуæздæр кæнуни, промышленнон æма экологон æдасдзийнади домæнтæ.

Дзанайти Барис æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй еумæйаг куст баст æй кæронбæттæни хатдзæги хæццæ:

– Кæрæдзей фегъосæн, лæдæрæн, ци минæвæрттæ архайунцæ æмбурди, уонæн сæ еугур фарстатæ дæр æнцæ зундгонд. Еумæйаг фæндитæ фæббæрæг уодзæнæнцæ. Æртæвæрсуг къамиси иуонгтæ дæс бонемæ равзардзæнæнцæ проекти социалон-фæллойнадон рахастдзийнæдтæ нивæбæл кæнуни фадуæттæ. Сæ феппайуйнæгтæ бахæсдзæнæнцæ, уой фæсте проект бафинсдзинан.

Хецауади Сæрдар æма финансти министрадæн, районти разамонгутæн бафæдзахста, цæмæй сæ цæстæ даронцæ, паддзахадон æма муниципалон косгутæмæ мизд куд хъæртуй, уомæ. Еугæр ихæстæ ес, уæд уой фегъосун кæнуни туххæй гъæуама коса комкоммæ бастдзийнади телефон. Еугур еци хабæрттæ гъæуама хъæртонцæ Æртæвæрсуг къамиси иуонгтæмæ æма фæллойни паддзахадон инспекцимæ.

Æмбурди ма «Промышленникти æма амалгъонти цæдес»-и сæрдар радзурдта 2023 анзи кусти бæрæггæнæнтæбæл. Абони сæйрагдæр æй еумæйаг кусти размæцуд багъæуай кæнун. Æма уой фæдбæл дзоргæй, Дзанай-фурт куд баханхæ кодта, уотемæй республики ес дзæбæх инвестицион уавæр, амалгъонтæ уой лæдæрунцæ:

– Берæ проекттæ царди уагъд цæунцæ, фондз си æнцæ раззагдæртæ, уонæн равардтонцæ 65 миллиард соми. Фæззиндзæнæй нæмæ 7 мин нæуæг кусти бунати. Федералон æма регионалон агъази мадзæлттæй дар пайда кæнæн, туризм ирæзуй. Аразун гъæуй дзæбæх фадуæттæ. Еци рауæн Æртæвæрсуг къамиси архайд ахсгиаг æй.

***Аци æрмæг цæттæгонд æй нæ республики Сæргълæууæг æма Хецауади пресс-служби игъосункæнуйнæгтæмæ гæсгæ.***

## ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ

### ФЕДЕРАЛОН СОЦИАЛОН ЛÆГГÆДТÆ

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Александр Реутов** искодта ведомствити ’хсæн косæг къуари æмбурд. Уоми равзурстонцæ æма исфедар кодтонцæ федералон уæлбарæ лæггæдтæ есæг граждæнти бартæ. Гъæуама сæ бон хуастæ есун уа федералон бюджети харзæй.

Æнæнездзийнадæ гæъуайкæнуйнади министр **Тебиати Сослан** куд радзурдта, уотемæй Уæрæсей уæлбарæ лæггæдтæ есгутæн сæ уавæртæ фæххуæздæр æнцæ, 2005 анзи сæрмагонд программæ ку фæззиндтæй, уæд. Регионтæ еци нисантæн федералон бюджетæй есунцæ фæрæзнитæ. Сæ бæрцæ баст æй регионти уæлбарæ федералон лæггæдтæ есгути нимæдзи хæццæ. Етæ æхца есуни бæсти равзурстонцæ социалон лæггæдтæ.

Тебиай-фурти загъдмæ гæсгæ, социалон лæггæдтæ равзарунæн ес хецæн ахедундзийнадæ:

– Федералон социалон лæггæдтæй фæццох ун æ фæсте расайуй фæрæзнити кадавардзийнадæ, еугур уæзæ æрæнцайуй регионалон бюджетбæл. Уотемæй уæлбарæ лæггæдтæ есгутæмæ афойнадæбæл гъæугæ хуастæ нæбал бафтуйунцæ», – загъта Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министр.

Куд ма байамудта, уотемæй уæлбарæ лæггæдтæ есгутæн анзи дæргъи адтæй сæ социалон лæггæдтæ иснæуæг кæнуни фадуат. Паддзахадон агъаз райсуни туххæй гъæуама 1 октябрьмæ бадæттонцæ курдиадæ, уой фæсте, иннæ анзи 1 январæй уæлбарæ лæггæдтæ иснæуæг уодзæнæнцæ.

Æмбурди баихæс кодтонцæ Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади, Фæллойнæ æма социалон ирæзти министрадтæн, цæмæй уæлбарæ лæггæдтæ есгути ’хсæн лæдæрунгæнæн куст бакæнонцæ. Федералон социалон лæггæдтæ есгутæн фæййагъаз кæнуни хæццæ исарази ’нцæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Социалон фонди, Медико-социалон экспертизи сæйраг бюрой косгутæ дæр. Еугур æмвæзади фарстатæмæ цæстæ фæддарунæй зæрдæ байвардтонцæ.




**Уæрæсей паддзах Елизаветæ Петри кизгæ 1755 анзи 25 январи бафинста Указ Мæскуйаг университет исаразуни туххæй. Уæдæй ардæмæ еци бон нæ бæсти бæрæггонд цæуй, куд студентти бæрæгбон, уотæ.**

*Зундгонд советон финсæг æма кавказаг адæмти æновуд æрдхуард Петр ПАВЛЕНКО (1899-1951), æ тугъдон уацтæй еуеми уотæ финста: «Иристойнаг», зæгъгæ, дзурд кадæ æма ради хæццæ дзурдæуй Фидибæстон тугъди еугур фронтти дæр, уомæн æма иристойнæгтæ сæхе равдистонцæ бæгъатæр æма рæстзæрдæ тугъдонтæй...»*





МИЛДЗИХТИ Хаджимурзæ е 'мгъæуггагти, елхоттаг колхозонти хæццæ фембæлди рæстæг.

# ÆНДОНÆЙ ХЪÆБÆРДÆР – БÆГЪАТÆРИ ÆХСАРÆ!..



**Цæгат Иристони адæмон финсæг ДАУРАТИ Дамир Милдзихти Хаджимурзи туххæй берæ аллихузон цæмæдесаг æрмæгутæ ниффинста. Нæ номдзуд тугъдони туххæй æ радзубандити уотæ бауайдзæф кодта: «Милдзихти Хаджимурзæ райгурдæй анзæн æ тæккæ фиццаг бони æма уæд – кæми къуæре, кæми ба фулдæр рæстæг нæ устур бæстæн фæлладуадзæн бæнттæ фæуунцæ, æма, ка 'й зонуй, уомæ гæсгæ нæ номдзуд тугъдони рохс ном æгириддæр цитгингонд не 'рцæуй.**

**Гъо, уотæ дæр фæуæд, æма уæд газеттæ мухургонд нæ фæццæуунцæ. Фал радио æма телеуинунадон фæрæзнитæ ба? Етæ гъæйттæй ку фæккосунцæ. Не 'ргъуди кæнунцæ… Мадта сæ фæсбæрæгбон дæр Хаджимурзæмæ нæ райевдæлуй… Е уæмæ раст кæсуй?..»**

**Арази ан: е æгириддæр нæй раст. Æма абони мухур кæнæн Дамирæн æхе æма зундгонд журналист БАЛЛАТИ Рити радзубанди Милдзихти Хаджимурзи туххæй.**



**– Дамир, фиццаг хатт Хаджимурзи хæццæ ку фембалдтæ, ку ин базудтай æ царди хабæрттæмæ, айдагъ æхецæй нæ, фал ма æндæр кæмæйдæрти дæр, уæд дæ фиццаг æнкъарæн циуавæр адтæй, циуавæр хатдзæгтæ искодтай?..**

– Еци дæнцæ, Ритæ, æз фæстæдæр Хаджимурзæн æхецæн дæр загътон æма худтæй, дæуæн дæр æй мæнæ цума кувддони дæн, уой хузæн зæгъдзæнæн:

– Уотæ мæмæ фæккастæй, цума æ минкъийæй фæстæмæ дæр цæттæ адтæй устур лæгдзийнадæ равдесунмæ. Мæнæ кæсай: дæлæ Елхотти сæ мадæ æма фидæн адтæнцæ æхсæз: цуппар биццеуи – Мæрзабег, Хаджимурзæ, Алимбег æма Петя, кизгуттæ дууæ – Адзæ æма Даухан. Ка куд хестæр æй, уотæ сæ ранимадтон. Адтæй уæззау æма æстонг дзаман. Еугуремæй раздæр мадæ æма фидæн бийнонтæ даруни гъуддаги сæ фарсмæ балæудтæй цуппæрдæсанздзуд Хаджимурзæ. Сæрди каникултæй еуеми е гъæусовети курдиадæмæ гæсгæ раййивта дæллаг синхаг постхæссæги. Зæронд лæг æ къæхтæбæл нæбал ислæудтæй, Хаджимурзæ скъоламæ нæбал бацудæй. Адтæй æнæзийнадæ, цæрдæг, æзмæлагæ биццеу æма имæ еу дзамани фæккомкоммæ æй колхози сæрдар, æцæг лæги хузæн æй æ косæн уатмæ æрбахудта радзубанди кæнунмæ, исарази æй кодта постхæссæги куст ниууадзунмæ, рарвиста æй Даскъофи хуæдрæбун фонсхезæгæй.

Æ фиццаг лæгдзийнади кой уæд райгъустæй еугур Иристонбæл. Е ба уотæ адтæй: тæссаг рæстæг адтæй æма сæрдари унаффæмæ гæсгæ хаста тохæнгарз æ хæццæ, бæх дæр имæ адтæй.

Еу сæумæ гъæди æрдози æнæнгъæлти фембалдæй дууæ æнæзонгæ бæхгинебæл. Фæстæдæр куд рабæрæг æй, уотемæй еци дууæ адтæнцæ сахар Нальчикки банки сæйраг бухгалтер æма е 'мкосæг, берæ æхца радавтонцæ æма Елхотти гъæди римæхстæй уæрми цардæнцæ. Уæлдай æвдесæн сæ нæ гъудæй æма гъонгæс биццеубæл топпитæй ралæудтæнцæ. Хаджимурзæн зæронд толдзæ бæласи фæсте æхе раримæхсун бантæстæй, уæдта сæ уæд, цуппæрдæсанздзуд биццеу, æхуæдæг дæр багæрах кодта, еуей бæх си фæццæф кодта, е 'рхаудтæй æма лæг æ буни фæцæй, æ къах расастæй. Иннæ бæхгин ба ледзæги фæцæй. Хаджимурзæ цæф бæхмæ берæ фæккастæй, уæдта æ буни ка фæццæф æй, уой нæтунмæ игъосун нæбал бафæразта, бацудæй имæ, æхе бæхбæл æй исæвардта æма 'й гъæумæ æрбаласта. Еци цаутæбæл бæнттæ рацудæй æма Хаджимурзæмæ иссудæнцæ Нальчиккæй, нæ сахари хецауадæ, дан, дæ агорунцæ, еци бæгъатæр биццеуи, дан, фæууинæн. Рандæй, æхцай устур лæвар ин равардтонцæ, е уоми базармæ бацудæй æма си æ фидæн дæр æма æхецæн дæр хъазар зуймон ходтæ балхæдта, ку иссудæй, уæд е 'нсувæртæ æма хуæртæн сæ дзиппити фæйнæ тумани ратъунста. Æма уæд етæ кæбæлти æхцатæ адтæнцæ! Лæгдзийнади фæрци сæ бакуста! Фал Милдзихти биццеуи устур лæгдзийнæдтæ ма нерæнгæ разæй адтæнцæ...

**– Балæдæрдтæн дæ, Дамир, ду нур, æвæдзи, Устур Фидибæстон тугъди коймæ рахезунмæ гъавис? Æфсади рæнгъити, дан æй æрæййафта тугъд? Е æцæг æй?**

– Гъо, афойнæ дæр ин нæма адтæй, фал ин æ хуарз æмбæлттæмæ уордæмæ фæдздзурдтонцæ æма, дан, Хаджимурзæ дæр тугъдон комиссарæн ниллигъстæ кодта, сæ хæццæ мæ рауадзæ, зæгъгæ.

Æ мадæ кæугæй дзурдта:

– Мæ хевæндæ биццеу мæ коммæ нæ бакастæй, æхе фæндæ размæ тардта, нур мин уоми ци фæууодзæнæй?

Æ фидæ, дан æй сабуртæ кодта:

– Ма ин тæрсæ, еунæгемæй дæр си дæлдæр бунати не 'рлæудзæнæй. Уотæ мæмæ кæсуй...

Æма е æцæгæйдæр уотæ рауадæй, Хаджимурзæ мин æ тугъдон нæдти туххæй берæ фæдздзурдта, абони уæнгæ дæр ма диктофони финстæй байзадæнцæ. Кæд дæ, Ритæ, исонибони ести радиобакастæн багъæуонцæ, уæд дæмæ сæ ратдзæнæн, уомæн æма æ имисуйнæгтæ ирд æвдесæн æнцæ тугъди Æверхъаудзийнадæ, Æгъатирдзийнадæ æма Лæгдзийнадæн.

**– Хаджимурзæ ци бæгъатæрдзийнæдтæ равдиста, уонæн сæ еугурей кой ракæнунæн нин амал нæййес, фал дин си зæрдиагдæрæй кæцити æримиста, дæхуæдæг си, Дамир, дæ зæрдæбæл кæцити бадардтай?..**

– Фескъуæлхтæй тугъдæн æ тæккæ фиццаг бон дæр. Боницъæхтæбæл, дан, нæбæл бомбитæ нæхе Терки устур дортæй фулдæр æгъзæлун ку райдæдтонцæ, уæд, дан, уордигæй ледзæги фæцан. Бæхдонæмæ, дан мин бантæстæй бауайун, мæ бæхти, дан, тачанки райефтигътон, минкъий ку рауадæнцæ, уæд æ зæрдæбæл æрлæудтæй се 'фсæддон хаййи туруса знаги къохмæ ку бахауа, уæд ходуйнаг кæндзинан, зæгъгæ, фæстæмæ раздахтæй, еци хъуæци, дан, туруса кæми адтæй, еци къум иссирдтонцæ, рахастонцæ 'й, фæстæдæр æй равардта сæ командирмæ. Уомæн æвдесæн адтæй е 'мбал елхоттаг лæхъуæн Бæройти Дауит.

Зумæги фиццаг бæнттæй еуеми ба немуцаг хуæдтæхæг æргæлста. Гъæди æрдозæмæ бахъæрдттæнцæ. Кæсунцæ æма си æ астæу нæхеуон сугъд хуæдтолгæ, æ шофер рульбæл мардæй бахаудтæй, æ тог фæккалдæй, гуфи ба пулемети рази æригон, кедæр хуæрзконд лæхъуæн, лейтенант мардæй лæудтæй. Ахид, дан, рауайуй мæ цæститæбæл. Минкъий раздæр сæ немуцаг хуæдтæхæг мæрдтæмæ барвиста. Æз, дан, пулемет исистон, уоми æй куд ниууагътайнæ. Уалинмæ еци хуæдтæхæг мах сæрмæ дæр æрауиндзæг æй. Ме 'мбæлттæ, дан, арф мети сæхе римæхсунбæл фæцæнцæ, æз ба, дан, еци пулемет бæрзæ бæласи сагели æрæвардтон æма 'й хуæдтæхæгбæл рауагътон. Исæргъавтон æй! Иссугъдæй æма æ тæхæг рагæпп кодта, уæдмæ ме 'мбæлттæ фæннифсгундæр æнцæ, автоматтæй парашютистбæл ралæдтæнцæ æма уомæн зугуни голлаги хузæн арф мети æ тъæпп фæццудæй.

Уалинмæ фæдесмæ кæцæйдæр еу хуæрзхузтæ болкъон фæззиндтæй, бæстæ æ сæрбæл исиста, фæттарстæн, дан, кæд, зæгъун, нæхе хуæдтæхæг æргæлстонцæ, зæгъгæ. Ка, дан æй фехста. Мæнмæ ин ку байамудтонцæ, уæд мæмæ ходгæй æрбацудæй, æ хъури мæ никкодта, уæдта мин æ дзихъиртнæуæг кæрцæ балæвар кодта. Мæскуй госпитæли дæр, Сочий госпитæли дæр еци кæрцæ – мæ хæццæ, мæ хæццæ 'й исластон нæхемæ дæр.

**– Мæнæ 108 немуцаги ци тохи рæстæг рамардта, Советон Цæдеси Бæгъатæри ном ин ке туххæй равардтонцæ, уой ду не 'римисай, е ми не 'руагæс кæнуй...**

– Куд нæ 'й æримисдзæнæн, уæлдай фулдæр æма мин æй лæмбунæгдæрæй фæдздзурдта, æцæг, еуæй-еу хатт æ зæрдæ исунгæг уидæ, уомæ кæсгæй ба мæнæн дæр, уæлдайдæр æй мардбæл куд банимадтонцæ, уой туххæй дзоргæй.

Е ба уотæ рауадæй. Еци тохи фæсте æй сахар Валдайи госпитæлмæ баластонцæ. Æ сæр, хъæбæрдæр ба æ къæхтæ, хъæбæр цæфтæ адтæнцæ, тог си баласта æма ниррæсудæнцæ. Мæ бон, дан, нæдæр дзорун, нæдæр æзмæлун адтæй. Дохтиртæ æй, æвæдзи, мардбæл банимадтонцæ æма 'й иннæ мæрдти 'хсæн æрæвардтонцæ. Хуссун, дан, уæлгоммæ, мæ фарсмæ кадæр нæтуй. Æ нæтун банцадæй, уæд, дан, æй зонæ: рацох æй е дæр. Иннæ къуми, дан, еу кадæр ку нигъгъæр кæнидæ «Таня, береги маму», зæгъгæ, уæд, дан, мæ зæрдæ æндæмæ тудта, мæхе мадæ рауадæй мæ цæститæбæл, нæ кауи сæрмæ айфонмæ минкъий биццеутæ куд бадунцæ, е.

Ку неке мæмæ зиндтæй, уæд исфæндæ кодтон, зæгъун, еске ма мæмæ ку 'рбакæса, уæд ибæл дамбаца рауадздзæнæн... Гъе, уойбæрцæбæл истухстæн мæ ристæй. Уалинмæ дуар райгон æй æма еу-дæсемæй æрбакалдæнцæ сæ еугуребæл дæр уорс халæттæ, мæ рази æрлæудтæнцæ, сæ дзубанди син игъосун:

– Мæнæ е амæйфæстæмæ æй Советон Цæдеси Бæгъатæр. Сталин, дан, загъта, Мæскумæ æй агорунцæ...

Еугурæйдæр мæ рази æртумбул æнцæ, расгарæ-басгарæ мæ кæнунцæ, сæ алли февнæлдмæ дæр фесхъеуинæ. Мæ хъæппæлтæ мин раластонцæ, ваннæмæ мæ бахастонцæ, нихснадтонцæ мæ, уæдта мин мæ цæфтæ бабастонцæ.

Дуккаг бон мæ командир, лейтенант Глухов мæ уæлгъос æрлæудтæй æма мин загъта:

– Банимадтан, цал немуцаги рахъан кодтай, уой. Æнæгъæнæ 108! Уæхæн си нæма адтæй, Сталинмæ дæр, дан, фегъустæй...

Мæ меднимæр: мæнæн мæ ихæс æхсун адтæй æма æхстон, цалей рамардтон, уой нæ нимадтон, кæд сæни агувзитæ нæ 'нцæ, миййаг. Мадта ма тугъди будурмæ цæй туххæй рацæуæн?

***Уодзæнæй ма***

**Устур Фидибæстон тугъди архайæг Гамати Мæхæмæти фурт Мухарбеги райгурдбæл 20 январи исæнхæст æй сæдæ анзи (1924-2010). Æ фондз æнсувæрей хæццæ хъазауатонæй тох кодта Райгурæн бæсти сæрбæлтау.**

# Ирон къæлиндар

# 2024



КЪЕСАТИ Марати конд хузæ «ЗАДÆЛЕСКИ НАНА».

### ТЪÆНДЖЫ МÆЙ (ЯНВАР)

Ног азы бæрæгбон 1 бон къуырисæры
Цыппурс (ирон нымадмæ гæсгæ) 4 бон цыппæрæмы
Цыппурс (чырыстон нымадмæ гæсгæ) 7 бон хуыцаубоны
Бынаты бардуаджы æхсæв 9 бон дыццæджы – изæрæй
Ногбон (ирон нымадмæ гæсгæ) 11 бон цыппæрæмы
Зæронд ног азы бæрæгбон 13-14 бонты сабаты – изæрæй
Ног мæрдтæн Æртæнæнтæ 13 бон сабаты – райсомæй
Бадæнтæ 14 бон хуыцаубоны – изæрæй
Донысктъæфæнтæ 19 бон майрæмбоны
Фацбадæн 21 бон хуыцаубоны

### ÆРТХЪИРÆНЫ МÆЙ (ФЕВРАЛ)

Стыр Нафы бæрæгбон 4 бон хуыцаубоны
Гыццыл Нафы бæрæгбон 11 бон хуыцаубоны
Алардыйы къуырисæр 26 бон къуырисæры

### ТÆРГÆЙТТЫ МÆЙ (МАРТЪИ)

Комахсæн (Гал кусартгæнæн хуыцаубон) 3 бон хуыцаубоны
Фыдыкомбæттæны къуыри 4-10 бон
Урсы къуыри (цæрвкъахæнтæ) 11-17 бон
Стыр комбæттæны бон 17 бон хуыцаубоны
Стыр комбæттæны райдайæн 18 бон къуырисæры
Тутыртæ 18,19,20 бон
Хор-хоры бон (Рæмонбон) 19 бон дыццæджы
Рæстæйы бон 21 бон цыппæрæмы
Рагон ирон Ногбон 21 бон цыппæрæмы
Фыццаг лауызгæнæн 29 бон майрæмбоны

### ХУЫМГÆНÆНЫ МÆЙ (АПРЕЛ)

Къостайы мысæн бон 1 бон къуырисæры
Дыккаг лауызгæнæнтæ 5 бон майрæмбоны
Астæумархо 11 бон цыппæрæмы
Таранджелозы бон 18 бон цыппæрæмы
Урсы дзуары бон 21 бон хуыцаубоны
Фæлвæра 23 бон дыццæджы
Зазхæссæн 27 бон сабаты
Дзимыры Санибa 28 бон хуыцаубоны
Къутугæнæнтæ 28 бон хуыцаубоны

### ЗÆРДÆВÆРÆНЫ МÆЙ (МАЙ)

Суаны Уастырджийы бон 5 бон хуыцаубоны
Куадзæн 5 бон хуыцаубоны
Мæрдты куадзæн 6 бон хуыцаубоны
Тхосты Уастырджийы бон 9 бон цыппæрæмы
Цæуæггаг 9 бон цыппæрæмы
Бæлдæрæн 12 бон хуыцаубоны
Ирон æвзаджы бон 15 бон æртыццæджы
Касутæ 18 бон сабаты
Зæрдæвæрæн 30 бон цыппæрæмы

### ХУРХÆТÆНЫ МÆЙ (ИЮН)

Цæлыччы Дзуары бон 2 бон хуыцаубоны
Мыкалгабыртæ 6 бон цыппæрæмы
Рекомы бæрæгбон 8-15 бонты
Кæрдæгхæссæн 9 бон хуыцаубоны
Ардисы авд дзуары 9 бон хуыцаубоны
Æвзæнджы Уастырджийы бæрæгбон 9 бон хуыцаубоны
Уæлæмæсыджы Уастырджийы бон 10 бон къуырисæры
Амаддзаг (зæронд Бæтæхъо) 10 бон къуырисæры
Ног дзуары бон (ног Бæтæхъо) 10 бон къуырисæры
Дзывгъисы Уастырджийы бон 11 бон дыццæджы
Ломисы Уастырджийы бон 12 бон æртыццæджы
Дауджыты бон 16 бон хуыцаубоны
Цыргъобауы бон 16 бон хуыцаубоны
Уацилла 17 бон къуырисæры
Санибa – Туаты дзуары (Сатъаты) 22 бон сабаты

### СУСÆНЫ МÆЙ (ИЮЛ)

Хетæджы Уастырджийы бон 7 бон хуыцаубоны
Ныхасы Уастырджийы бон 7 бон хуыцаубоны
Гæлиаты авд дзуары бæрæгбон 7 бон хуыцаубоны
Дзири дзуары бон 7 бон хуыцаубоны
Кæхцгæнæнтæ 14 бон хуыцаубоны
Фыры дзуары бон 15 бон къуырисæры
Хохы дзуары бон 17 бон æртыццæджы
Фæроны дзуары бон 20 бон сабаты
Рагъы дзуары бон 21 бон хуыцаубоны
Хуыцауы дзуары бон 21 бон хуыцаубоны
Бызы Сау барæг 23 бон дыццæджы
Дыгуры зæды бон 27 бон сабаты
Къобы Уастырджийы бон 28 бон хуыцаубоны
Атынæг 28 бон хуыцаубоны
Таранджелозы бон (Тырсыгомы) 29 бон къуырисæры

### МАЙРÆМЫ МÆЙ (АВГУСТ)

Задæлескы Нанайы бæрæгбон 3 бон сабаты
Беслæны Уастырджийы бон 4 бон хуыцаубоны
Сырх дзуары бон 5 бон къуырисæры
Дурджын Бæрзонды Уастырджийы бон 11 бон хуыцаубоны
Рыны бардуаджы бон (Дæргъæвс) 11 бон хуыцаубоны
Хæрхы Уастырджийы бон (Бæлта-Чми) 18 бон хуыцаубоны
Зилгæйы Уастырджийы бон 18 бон хуыцаубоны
Ног дзуары бон 19 бон къуырисæры
Ирыхъæуы дзуары бон 25 бон хуыцаубоны
Аларды (Захъайы) бон 26 бон къуырисæры
Майрæмтæ: Зруджы Зæрин Мады-Майрæм æмæ Мæздæджы Мады-Майрæм 28 бон æртыццæджы
Майрæмы куадзæн 30 бон майрæмбоны

### РУХÆНЫ МÆЙ (СЕНТЯБР)

Беслæн. Номарæн бонтæ 1-3 бонты
Джеры дзуары бон 1 бон хуыцаубоны
Æрджынарæджы фæндагсар
Уастырджийы бон 1 бон хуыцаубоны
Бур хохы (Бурсамдзелийы дзуары бон) 1 бон хуыцаубоны
Фæззæджы Алардыйы бон 2 бон къуырисæры
Нары дзуары бон 4 бон æртыццæджы
Фыдыуани (Сосланы куывд) 8 бон хуыцаубоны
Гуццаты дзуары бæрæгбон 17 бон дыццæджы
Сидæны Мыкалгабыры бон 19 бон цыппæрæмы
Мады-Майрæмы бон 21 бон сабаты
Зары Уастырджийы бон 26 бон цыппæрæмы

### КÆФТЫ МÆЙ (ОКТЯБР)

Дзылаты Уастырджийы бон 6 бон хуыцаубоны
Фæззæджы Тутыр 7 бон къуырисæры
Мигъдау 13 бон хуыцаубоны
Ичъына 13 бон хуыцаубоны
Дыгуры Уастырджийы бон 13 бон хуыцаубоны
Къостайы райгуырæн бон 15 бон дыццæджы
Хоры Сæры куывдтæ 27 бон хуыцаубоны

### ДЖЕОРГУЫБАЙЫ МÆЙ (НОЯБР)

Гал кусартгæнæн хуыцаубон 17 бон хуыцаубоны
Уастырджимæ кувæн æхсæв 18 бон къуырисæры
изæрæй
Уастырджимæ кувæн къуыри 18-24 бонты
Уастырджийыл хи фæдзæхсæн бон 24 бон хуыцаубоны
Дзывгъисы Уастырджийыл (фæдзæхсæн бон) 24 бон хуыцаубоны
Уастырджийы фæндарастгæнæн æхсæв 25 бон къуырисæры – изæрæй

### ЦЫППУРСЫ МÆЙ (ДЕКАБР)

Никколайы бæрæгбон 1 бон хуыцаубоны
Цыппурс (ног нымадæй) 25 бон æртыццæджы
Ногбоны æхсæв 31 бон дыццæджы изæрæй

**ЯНВАРЬ**

| Пн | Вт | Ср | Чт | Пт | Сб | Вс |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |
| 29 | 30 | 31 | | | | |

**ФЕВРАЛЬ**

| Пн | Вт | Ср | Чт | Пт | Сб | Вс |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 26 | 27 | 28 | 29 | | | |

**МАРТ**

| Пн | Вт | Ср | Чт | Пт | Сб | Вс |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 1 | 2 | 3 |
| 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 |

**АПРЕЛЬ**

| Пн | Вт | Ср | Чт | Пт | Сб | Вс |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |
| 29 | 30 | | | | | |

**МАЙ**

| Пн | Вт | Ср | Чт | Пт | Сб | Вс |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
| 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 |
| 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 |
| 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | | |

**ИЮНЬ**

| Пн | Вт | Ср | Чт | Пт | Сб | Вс |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | 1 | 2 |
| 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |

**ИЮЛЬ**

| Пн | Вт | Ср | Чт | Пт | Сб | Вс |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |
| 29 | 30 | 31 | | | | |

**АВГУСТ**

| Пн | Вт | Ср | Чт | Пт | Сб | Вс |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | |

**СЕНТЯБРЬ**

| Пн | Вт | Ср | Чт | Пт | Сб | Вс |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | 1 |
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |
| 30 | | | | | | |

**ОКТЯБРЬ**

| Пн | Вт | Ср | Чт | Пт | Сб | Вс |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 28 | 29 | 30 | 31 | | | |

**НОЯБРЬ**

| Пн | Вт | Ср | Чт | Пт | Сб | Вс |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 1 | 2 | 3 |
| 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | |

**ДЕКАБРЬ**

| Пн | Вт | Ср | Чт | Пт | Сб | Вс |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | 1 |
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |
| 30 | 31 | | | | | |



**25 января** – Татьянин день (день студента)
**8 февраля** – День российской науки
**9 февраля** – День работника гражданской авиации
**10 февраля** – День дипломатического работника
**14 февраля** – День Святого Валентина
**15 февраля** – День памяти воинов-интернационалистов в России
**21 февраля** – Международный день родного языка
**23 февраля** – День защитника Отечества
**1 марта** – Всемирный день гражданской обороны
**3 марта** – Всемирный день писателя
**8 марта** – Международный женский день
**21 марта** – Всемирный день поэзии
**21 марта** – День Земли
**22 марта** – Всемирный день водных ресурсов (воды)
**23 марта** – Всемирный день метеорологии
**24 марта** – Всемирный день борьбы с туберкулезом
**25 марта** – День работника культуры России
**27 марта** – Международный день театра
**1 апреля** – День смеха
**2 апреля** – Международный день детской книги
**11 апреля** – Международный день освобождения узников фашистских концлагерей
**12 апреля** – Всемирный день авиации и космонавтики
**24 апреля** – Международный день солидарности молодежи
**26 апреля** – День памяти погибших в радиационных авариях и катастрофах
**1 мая** – Праздник весны и труда
**3 мая** – Всемирный день свободы печати
**7 мая** – День радио, праздник работников всех отраслей связи
**8 мая** – Международный день Красного Креста и Красного Полумесяца
**9 мая** – День Победы
**15 мая** – Международный день семьи
**15 мая** – День осетинского языка и литературы
**27 мая** – Общероссийский день библиотек
**31 мая** – Всемирный день без табака
**1 июня** – Международный день защиты детей
**12 июня** – День России
**18 июня** – День медицинского работника
**22 июня** – День памяти и скорби
**8 июля** – День семьи, любви и верности
**8 июля** – День российской почты
**16 июля** – День металлурга
**30 июля** – Международный день дружбы
**6 августа** – День железнодорожника
**13 августа** – День строителя
**22 августа** – День Государственного флага Российской Федерации
**27 августа** – День российского кино
**27 августа** – День шахтера
**1 сентября** – День знаний
**3 сентября** – День солидарности в борьбе с терроризмом
**15 сентября** – День работников леса
**1 октября** – Международный день пожилых людей
**5 октября** – День учителя в России
**20 октября** – День отца
**4 ноября** – День народного единства
**10 ноября** – День полиции
**26 ноября** – День матери
**12 декабря** – День Конституции Российской Федерации

# Дигорон къæлиндар

| Мæйи бонтæ | Бæрæгбон | Къуæрей медæгæ бæрæгбони | | Бунат, рауæн |
|---|---|---|---|---|
| | | райдайæн | кæрон | |
| | **ÆНСУРИ МÆЙÆ (январь)** | | | |
| ...1 | Нæуæг анзи фиццаг бон | Авдисæризæри | Авдисæри | Хæдзæртти, кустуæтти |
| 7 | Киристей райгурцæ | Хуцауæхсæви | Хуцаубони | Аргъауæнти, хæдзæртти |
| 9-10 | Бундортæ | 2-аг æртиккæгæхсæви | Æртиккæги | Хæдзæртти |
| 12 | Æртхорон (Артæмбæрзæн) | Майрæнбони | Майрæнбони | Хæдзæртти, Къорай, Уорсдони |
| 13 | Басилтæ | Сабатизæри | Сабатæхсæви | Хæдзæртти |
| 13-14 | Нæуæг анз (зæронд нимадæй) | Хуцауæхсæви | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| 14 | Фонсиуарæн Фæлвæра | Хуцауæхсæви | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| 14-15 | Бадæнтæ | Авдисæризæри | Авдисæри | Хæдзæртти |
| 18-19 | Согæвæрæн майрæнæхсæвæ | Майрæнæхсæви | Майрæнбони | Устур-Дигори зилди гъæути |
| 27... | Дигори изæд | Фæстаг хуцауæхсæви | Къуæрей фæсте | Хæдзæртти, Задæлески |
| 27... | Зиниатæ (Уацелла) | Фæстаг сабати (сæумæ) | Къуæрей фæсте | Хæдзæртти, Хæнæзи |
| 27... | Зиниатæ (Гъæуизæд) | Фæстаг сабати (рæфти) | Къуæрей фæсте | Хæдзæртти, Дунти |
| | Фацбадæн: | | | |
| 27... | – Хуцау; Идауæг | Фæстаг сабати (изæрæй) | Къуæрей фæсте | Хæдзæртти, Устур-Дигори зилди гъæути |
| 29-30 | – Уасгерги | Геуæргибонæхсæви | Геуæргибони | Хæдзæртти, Устур-Дигори зилди гъæути |
| | **КОМАХСÆН (февраль)** | | | |
| 1 | – Цæуæн цуппæрæн | Цуппæрæни (сæумæ) | Цуппæрæни | Хæдзæртти, Устур-Дигори зилди гъæути |
| 3-4 | – Сæризæд (Сæризæди бæмпæгæвæрæн хуцауæхсæвæ) | Хуцауæхсæви | Хуцаубони | Хæдзæртти, Устур-Дигори зилди гъæути |
| 26-29 | Балдæрауз (зумæги кæрони уазал бонтæ) | Авдисæри | Цуппæрæни | Хæдзæртти |
| | **КÆРДÆГÆЗМÆЛÆН (март)** | | | |
| 1-3 | Балдæрауз(зумæг уалдзæгæй æртæ бони æфстау ракурдта) | Майрæнбони | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| 4-10 | Цæрвкъахæнтæ (уорсæгти къуæре) | Авдисæри | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| 8 | Силгоймæгти бæрæгбон | Майрæнбони | Майрæнбони | Хæдзæртти, кустуæтти |
| 10 | Ораза (Комбæттæн) | Хуцаубони | Геуæргибони 9-аг апърели) | Хæдзæртти |
| 18... | Комбæттæн (кирист.) | Авдисæри | Хуцаубони (5-аг маййи) | |
| | **ХУМИДАЙÆН (апрель)** | | | |
| 1 | Тотуртæ (фустæ зад ку фæуунцæ, уæд) | 1-аг авдисæри | Авдисæри | Хæдзæртти, уотæртти |
| 4 | Хумидайæн (фиццаг) | Цуппæрæни | Цуппæрæни | Дигоргоми ниллæг æвæрд гъæути |
| 9 | Ораза (Комуадзæн) | Геуæргибони | Геуæргибони | Хæдзæртти |
| 11 | Хумидайæн (дуккаг) | Цуппæрæни | Цуппæрæни | Дигоргоми бæрзонд æвæрд гъæути |
| 13 | Назутæ | Сабатизæри | Сабати | Хæдзæртти, уæлмæрдти |
| 21 | Бæлдæрæн (Арви гъæрæй æрдзæ райгъал уй. Арв æма зæнхæ кæрæдзей бауарзунцæ) | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| 27 | Касутæ (Нæуæг киндзи донмæ рахунд) | Фæстаг сабати | Сабати | Хæдзæртти, дони цори |
| | **ХАНСИ МÆЙÆ (май)** | | | |
| 5 | Пасхæ (Комуадзæн) | Хуцауæхсæви | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| 6 | Алаурди | 1-аг авдисæри | Авдисæри | Хæдзæртти |
| 9 | Уæлахези бон | Цуппæрæни | Цуппæрæни | Хæдзæртти, æхсæнæдти |
| 13 | Никкола (Гулуй кувд) | 2-аг авдисæри | Авдисæри | Лезгори ковæндони |
| 19 | Устур Хуцауи кувд | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Задæлески ковæндони |
| 19 | Хуцауи дзиуарæ | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Хъæрмани ковæндони |
| 23,25 | Зæлдæвæрæн (Зæлдгæрдæн) | Цуппæрæни кенæ сабати | Цуппæрæни кенæ сабати | Хæдзæртти, уæлмæрдти |
| | **АМИСТОЛ (ХОРХÆТÆН) (июнь)** | | | |
| 2 | Кæрдæгхæссæн | Хуцаубони | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| 16 | Багъайти дзиуарæ | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Къумбулти ковæндони |
| 16 | Уасгерги | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Дзинагъай ковæндони |
| 16 | Хуцаузæнгæ | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Къумбулти ковæндони |
| 16-19 | Хъурмантæ | Хуцаубони | Æртиккæги | Хæдзæртти |
| 29 | Туххуæстæг | Фæстаг сабати | Сабати | Хъалнæгъти (Тъæпæн Дигори гъæути) |
| 29 | Циргъесæн | Фæстаг сабати | Сабати | Донифарс, Къумбултæ, Устур-Дигорæ æма æнд. |



***Франческо ПЕТРАРКА (1304-1374), италиаг поэт:***
***«Ме ’вналæнтæ мин ка цубур кæна, уæхæн фæтæг мæ нæ гъæуй. Фæтæг фæтæгæй байзайæд, фал мæнæн гъæуама мæхе цæститæ, мæхе зунд, мæхе сæребарæ уа; гъæуама тундзон, къохи бафтуйæн***



**Владимир Ленин е ’мтохгæнгутæ Яков Свердлов (галеуæрдигæй) æма Феликс Дзержинскийи хæццæ.**

# ЦÆМÆ БА ’Й НÆ ЕВДАЛДÆЙ, ЦÆБÆЛ БА НÆ ТУХСТÆЙ!..

***Рагон курухон лæгтæй еу уотæ загъта: «Зундгин гъудийæн е ’цæгдзийнадæ бæлвурдæй ку лæдæрай, фал си царди медæгæ ба ку нæ пайда кæнай, уæд е хе знаггади хузæн уайуй...» Махмæ дæр, гъулæггагæн, еци «незæй» хъæртуй.***

***Уотæ рауайуй, нæ Фидибæсти курухон лæгтæй нин уони цардиуаги бафæнзуйнаг дæнцитæ æма ци агъазиау зундгин фæдзæхститæ байзадæй, уони хабар дæр – цæмæйдæр нæмæ уоййасæбæл цæстиварди нæбал фæуунцæ, исустурзæрдæ сæбæл уæн, цæмæйдæрти ба сæмæ æнæнвæрсонæй кæсун байдайæн. Уотемæй ба еци кæддæри фæлтæрти фæлтæрддзийнадæ хъæбæр берæ цæмæйдæрти комкоммæ бафæнзуни аккаг фæууй, æма си пайда кæнунмæ хуæздæр ку арæхсианæ, уæд нин нæ абони цардиуагæ аразуни гъуддæгути зингæ фæййагъаз уиуонцæ.***

***Гъе уотæ зæгъун æнгъезуй Владимир Ленини амундтитæ æма фæдзæхстити туххæй дæр. Еугур дуйней рæстзунд дзиллитæмæ дæр æ уодварнон бундортæ нимади æнцæ æма си æнтæстгинæй пайда кæнунцæ, ами нæхемæ, Уæрæсей ба абони е уотæ цæстиварди нæбал æй.***

***Æ еугур фæдзæхстити туххæй нæ дзордзинан, фал уæ базонгæ кæндзинан, æ рæстæги æ æмархайæг, советон хецаудзийнади бæрнондæр бунæтти косæг адæймæгутæмæ сæ кусти фæдбæл ци финстæгутæ барвиста, уони хæццæ – бакæсетæ сæ, æма уи баруагæс уодзæнæй, уоййасæбæл устур паддзахадæн æ тæккæ тухстдæр уавæрти разамунд дæттгæй дæр ин куд берæ æнтæстæй, аллихузон, еу иннемæй вазуггиндæр, уæхæн гъуддæгутæбæл куд хъæрттæй.***

**Ф.Э. ДЗЕРЖИНСКИЙМÆ**

Æмбал Дзержинский!

Æмбал Коллонтай мæмæ финсуй, Петрогради ахæст ка ’рцудæй, уæхæн биццеу Алексей Сапожникови туххæй.

Ахæст ба, дан, æрцудæй уомæн, æма кедæр гæгъæдити хæццæ бацудæй, тугъдон архæйдтитæ кæми цæунцæ, еци рауæнмæ.

Уотæ ба, дан, бакодта, уомæн æма «æгæрон берæ уарзуй æ мади», уотемæй ба æ ниййергутæй фæххецæн æй, Юденич ку æрбампурста, еци рæстæг.

Коллонтай финсуй, Алексей Сапожникови ке зонуй, «политикæмæ æгириддæр æ гъос ка нæ даруй», «æма уой хæццæ æ зæрдæмæ алцидæр æгæр хъæбæр ке есуй, еци гъуддаги æ фурсæртæгæй ка бахаудтæй, уæхæн адæймагæй».

Коллонтай тæрсуй, биццеуи ку фехсонцæ, уомæй.

1. Дæ бон æй гъуддаг бæлвурд базонун?

2. Унаффæ бауорамун?

3. Æви æз телефонæй Зиновьевмæ бадзорон?

Салам! Дæхе Ленин.

Финст æрцудæй 1919 анзи 21 ноябри.

* * *

**И.А. ТЕОДОРОВИЧМÆ**

21.VI.

Нур фидигъзæлбæл феддон æвæрд æрцудæй.

Цума дæумæ гæсгæ нур афонæ нæй горæтгæрон совхозти, индустрион совхозти (гъома, индустрион косгутæмæ хаст ка ’й, еци совхозти), æфсади æма уотæ идарддæр æма æндæр уæхæн рауæнти фидигъзæлæн фонс даруни куст рапарахат кæнунбæл нур еугур хъæуритæй байархайунæн.

Ду кæддæр дзурдтай, спецтæ куд зæгъунцæ, уотемæй фадуат ке ес кроликтæ æма хутæ даруни куст испарахат кæнунæн (æцæг хуайраги хигъдæй нæ). Æвæстеуатæй къуар мадзали закъони хузи цæмæннæ ес бакæнæн уой фæдбæл.

Рафинсæ мæмæ дууæ дзурди.

Дæхе Ленин.

Финст æрцудæй 1921 анзи 21 июни.

*Мухургонд цæуй финсæн машинкæй финст къопимæ гæсгæ.*

* * *

**Я.М. СВЕРДЛОВМÆ**

Æмбал СВЕРДЛОВМÆ

Алексей Андрейи фурт Преображенский æй зæронд партион косæг, 20 анземæй фулдæр косуй æфсæйнаг надбæл. Нуртæккæ æй Самари-Златоусти æфсæйнаг нади административон служби сæргълæууæг. Нур ибæл цæуй 57-58 анзи. Е æй хъæбæр фæллад æма сæйгæ æма ’й гъæуй дзæвгарæ рæстæги дæргъи æ фæллад исуадзун æма æхе дзæбæх кæнун. Корун: раттæ ин отпуск æртæ мæйи, мизд дæр æма паек дæр куд еса, уотемæй.

Æ адрес: Самарæ, вагзал.

Адæмон Комиссарти Совети сæрдар
В. Ульянов (Ленин).

Финст æрцудæй 1920 анзи 1 октяри.

*Мухургонд цæуй фиццаг хатт машинкæй мухургонд ка ’рцудæй æма В.И. Ленин æ къох кæми бафинста, еци текстмæ гæсгæ.*

* * *

**А.Д. ЦЮРУПАМÆ**

14.XII.1920 анз.

Æмбал ЦЮРУПА!

Æз ма Совнаркоми амудтон, хуайраги комитети иуаруни хайади гъуддаг еуцæйбæрцæдæр, куд æмбæлуй, уотæ æвæрд ке нæй, уой: бæлвурд нимад нæй хуайраг иуаруни туххæй нæмæ цал норми ес æма алли нормæмæ гæсгæ дæр продукттæ цал адæймаги есуй, е.

Уой бакæнун гъæуй.

Ке зæгъун æй гъæуй, бæлвурд нисанмæ гæсгæ иуаруни æгъдауæн ихалæн нæййес. Косгутæ гъæуама уонцæ фиццаг бунати.

Цума бакæнуйнагбæл нæ банимайдзæнæ хуайраги комитети медæгæ къамис исаразун, гъуддаг амунд хузи фæххуæздæр кæнуни туххæй? Кæд къамис ес, уæд ибæл уæхæн ихæс исæвæрун гъæуй. Къамисмæ фулдæр бакæнун гъæуй, хуайраги комитети ка куста, уæхæн косгутæ (профцæдестæй) кенæ ба кæд амал ес, уæд, хуайраги кусти бунæтти бæлвурд фæлтæрддзийнадæ кæмæ ес, уæхæн косгутæ.

Аци финстæг равдесæ æмб. Крестинскиймæ. Е (æма Политбюрой иннæ иуонгтæ) ку исарази уонцæ, уæд уомæй искæндзинан ЦК-и амунддзийнадæ.

Дæхе Ленин.

*Мухургонд цæуй къохфинстмæ гæсгæ.*

* * *

**Н.А. СЕМАШКОМÆ**

3.V.1920 анз.

Кæд æмбал Семашко уоми нæй, уæд æмбал Соловьевмæ.

Æмбал Семашко!

Корун ди æма бадзубанди кæнæ аци финстæг бадæттæг æмбал Дмитрий Никитич Ерошенкови хæццæ, дохтири агъазгæнæги хæццæ. Байамудта мин æй еу зæрдæдаргæ æмбал. Æмбал Ерошенковæн цалдæр къуæрей ес уæгъдæ рæстæг (мах ин сæрмагонд фæдзæхст цалинмæ æ барæ бакæнæн, уæдмæ) æма ’й фæндуй еци рæстæги, еуемæй, медицинæбæл райахур кæнун, иннемæй ба имæ æ хъауритæ исаразун. Хъæбæр ди корун, цæмæй ин байагъаз кæнай.

Дæхе Ленин.

Фæсфинст. Аци æмбал æргъуди кодта, практики хъæбæр ахсгиаг ка ’й, уæхæн дезинфекцигæнæн камерæ. Исбæрæг æй кæнун æма си испайда кæнун гъæуй.

*Мухургонд цæуй къохфинстмæ гæсгæ.*

* * *

**ФИНСТÆГУТÆ К.А. АЛФЕРОВМÆ ÆМА УОЙ ДЗУАПП**

**К.А. АЛФЕРОВМÆ**

Æмбал Алферов! Тахтамышев сумахмæ службæ кæнуй? Хуæруйнагæй имæ лæгъуз кæсетæ? Уæхæн фудхуз æма фæлорс цæмæн æй?

**К.А. АЛФЕРОВИ ДЗУАПП**

Æй Хестæр коллегий иуонг, цæруй советон паекæй, косгæ ци рæстæг кæнуй, уомæн æгириддæр кæрон нæййес.

Алферов.

**К.А. АЛФЕРОВМÆ**

Дæттун ин гъæуй фулдæр паек цийфæндийæй дæр.

Еци уавæрмæ федауци цæстæй кæсæн нæййес. Иннетæй игъаугидæр фулдæр паек цæмæй еса, уотæ бакæнун гъæуй.

Финст æрцудæй 1920 анзи 4 июни.

Мухургонд цæуй фиццаг хатт, къохфинстмæ гæсгæ.

*В.И. Ленин æма К.А. Алферов кæрæдземæ аци дзурдтæ ниффинстонцæ Фæллойни æма Гъæуайкæнуйнади Совети æмбурди 1920 анзи 4 июни. Еци æмбурди адтæй Тахтамышев дæр.*

* * *

**ХУАЙРАГИ КОМИТЕТИ КОЛЛЕГИЙ ИУОНГТÆМÆ**

27.II.1920 анз.

Æмбал Виноградов, Весьегонски ахургæнгути цæдеси æнхæсткоми сæрдар æрбалæвардта дæлдæр амунд курдиадæ.

Гъуддаг æй уотæ – Весьегонски уезди хуайраги комитетæн баихæс кæнун гъæуй,

**Дæс æма инсæй анзей размæ (1994 анзи 16 январи) æвзурст æрцудæй Цæгат Иристони фиццаг Президент Галазти Хаджимурзи фурт Æхсарбег.**

*цæмæн нæййес, уомæ, барæ мин уа цубурдæр надбæл цæунæн дæр, уæдта идæрдтæбæл æрзелунæн дæр, фадуат мин уа тагъд кæнунæн дæр æма бафæстеуатæн дæр, еуварс æздæхунæн дæр æма балци æрдæгбæл ниууадзунæн дæр...»*



цæмæй ахургæнгутæн (уезди 500 ахургæнæгей бæрцæн) ратта дзоли æма картофи фулдæргонд паек æма ма уомæй уæлæмæ къахидарæс кенæ сæрак.

Уонæй еу дæр æма иннæ дæр бунæттон æвæрæнтæй: уезди ес уæлдæйттæ.

Корун æма тæккæ абони базонетæ, ка гъæуй, еци гъуддæгутæ (æмбал исон сæумæй гъæуама рацæуа) æма мин дзуапп раттетæ телефонæй (изæри Гъæуайкæнуйнади Совети баунаффæ кæндзинан).

Ленин.

*Мухургонд цæуй къохфинстмæ гæсгæ.*

*Дзубанди цæуй Весьегонски уезди рохсади æма социалистон културри косгути II-аг съездæй делегат æмбал Виноградовæн ци фæдзæхст лæвæрд æрцудæй, уобæл. Еци фæдзæхсти амунд адтæй, уæззау материалон уавæри ке адтæнцæ скъолати косгутæ. А.А. Виноградов 1920 анзи 27 феврали адтæй В.И. Ленинмæ. Дзубанди кодтонцæ фондз æма дууинсæй минутти. Дзубандий рæстæг Ленин ниффинста аци финстæг. Весьегонски ахургæнгути материалон уавæр фæххуæздæр кæнуни фарста лухгонд æрцудæй уони пайдайæн.*

* * *

**А.Е. БАДАЕВМÆ**

16. V. 1920 анз.
Петроград
Æмбал Бадаевмæ кенæ
æ хуæдæййевæгмæ

Корун æма электрификаций Паддзахадон къамиси петроградаг къуарæн (бæрнон разамонæг Шателен) раттетæ, фæсфронт сурхæфсæддонтæн лæвæрд ка цæуй, уæхæн 50 паеки æма бийнонти 9 паеки хуайрагæн граждайнаг паеки туххæй сæмæ ци карточкитæ ес, уони син нæ райсгæй.

Корун æма мин телефонограммæй фегъосун кæнæ, кæд æма син цæйбæрцæ равардтайдæ, уой туххæй.

Ленин.

*Мухургонд цæуй къохфинстмæ гæсгæ.*

* * *

**БАСИНМÆ**

7.V.1920 анз

Æмбал Басин!

Корун ди æма Туркестани фронти сурх коммунарти дæс æма инсæйæймаг полккæн мæ номæй арфæ ракæнæ, ци макъаронтæ æма инсад æрбарвистонцæ, уони туххæй. Еци макъаронтæ æма инсад æз равардтон сахар Мæскуй сувæллæнттæн.

Адæмон Комиссарти Совети сæрдар
В. УЛЬЯНОВ (ЛЕНИН)

*Мухургонд цæуй, машинкæй финст ка æрцудæй æма В.И. Ленин æ къох кæми бафинста, еци текстмæ гæсгæ.*

* * *

**Е.М. ПОПОВАМÆ**

20.XI.1919 анз.

Æмбал ПОПОВАМÆ

Советти 1-аг хæдзари хецаумæ

Корун æма раттæ уат (райдайæни бал еу, уой фæсте дууæ – тæлмацгæнæгæн), æмбал Килийæн, Советон республикæн фæййагъаз кæнунмæ ка 'рбацудæй, еци америкаг инженерæн.

Корун æма ин раттæ, 3-аг уæладзугæй уæлдæр ка нæ уа, уæхæн æма тæккæ гъардæр уат.

Адæмон Комиссарти Совети сæрдар
В. Ульянов (Ленин).

*Мухургонд цæуй фиццаг хатт, къохфинстмæ гæсгæ.*

* * *

**И.Г. РУДАКОВМÆ**

Петроград
Æмбал Рудаковмæ, Петрокоммуни
артаги хайади хецаумæ

*Къопи*

Петроградi Совети æнхæсткоммæ.

Корун æма согтæ раттетæ ахургæндти царди уавæр хуæздæр кæнуни къамисæн.

Кæд еске арази нæй, уонæн цæйбæрцæ æнгъезуй, уойбæрцæ раттунбæл кенæ ба сæ нихмæ ести дзоруй, уæд корун æма нæмæ дууæ дзурди рафинсæ.

Адæмон Комиссарти Совети сæрдар
В. Ульянов (Ленин).

*Финст æрцудæй 1920 анзи 10 сентябри. Лæвæрд цæуй мухургæнæн машинкæй финст къопимæ гæсгæ.*

* * *

**В.Д. БОНЧ-БРУЕВИЧМÆ**

4. I.1920 анз.

Хъазар В.Д.!

Мæ библиотеки хæрзтæ федун æз мæхуæдæг.

Корун ди, ку радзæбæх уай, уæд сæ бафедæ еугурæйдæр.

3200 + 500 (Даль) = 3700 æма уотæ идарддæр æма бафснайæ распискитæ.

Дæхе Ленин.

Аци финстæгмæ гæсгæ дæмæ æрветун 4000 соми.

Æндæр гъуддаг æй Адæмон Комиссарти Совети гъуддæгути Управлений библиотекæ.

*Мухургонд цæуй къохфинстмæ гæсгæ.*

* * *

**ТЕЛЕФОНОГРАММÆ**
**И.С. УНШЛИХТМÆ**

*Къопи*

Æвæстеуатæй. Сосæггаг.

ВЧК-и сæрдари хуæдæййевæг.

Æмбал УНШЛИХТМÆ

Базонæ æма мин фæстагдæр æмгъуд исонмæ, бæлвурд æма æнхæст дзуæппитæ фегъосун кæнæ мæнæ уæхæн фарстатæн:

1. Петроградi 27 майи проф. П.А. Щуркевич (Электротехникон институт), профессор Н.Н. Матринович (Университет æма Скæсæйнаг институт), профессор Щерба (Университет, рабаргæ æвзагзонунади профессор), профессор Б.С. Мартынов (Университет, граждайнаг баради профессор) хестæр зоолог А.К. Мордвилко (Наукити академи), профессор Тихановi бийнойнаг (Граждайнаг инженерти институт), профессор Б.Е. Воробьев (Фиццаг Политехникон институт) ахæст æрцудæнцæ, зæгъгæ, е æцæг хабар æй æви нæ.

2. Профессор Пантелей Антонович Щуркевич нур фæндзæймаг хатт, профессор Борис Евдокими фурт Воробьев ба æртиккаг хатт ахæст æрцудæнцæ, зæгъгæ, е æцæгæй уотæ 'й æви нæ?

3. Цæй туххæй ахæст æрцудæнцæ, уæдта сæ æрахæссун цæмæн багъудæй – ледзгæ ку нæ ракæндзæнæнцæ.

4. Комкоммæ бæлвурд еске æрахæссуни туххæй нæ, фал уæ косгутæн «сæхе фæндæмæ гæсгæ» ахæссуни туххæй ВЧК. Губчека кенæ æндæр Чекатæ мандаттæ дæттунцæ æви нæ, æма кæд дæттунцæ, уæд сæ косгутæй комкоммæ кæмæн дæттунцæ (кæмæн дæттунцæ, етæ цæйбæрцæ бæрнон æнцæ, ци бунати лæуд æнцæ. Сæ политикон цæттæдзийнадæ цæйбæрцæ 'й).

Адæмон Комиссарти Совети сæрдар
В. Ульянов (Ленин).

*Финст æрцудæй 1921 анзи 2 июни.*

* * *

**ТЕЛЕГРАММÆ 10-аг ÆМА 4-аг ÆФСÆДТИ РЕВОЛЮЦИОН-ТУГЪДОН СОВЕТТÆМÆ**

20.VIII.1919 анз.
Дууæ адреси 10 Революцион-тугъдон
Советмæ
4-аг Революцион-тугъдон Советмæ

*Къопи Марксштадт, раздæри Екатериненштадт немуцаг коммуни Æнхæсткоммæ.*

Зæнхкосгутæ хуар цæмæй бафснайуонцæ, е хъæбæр ахсгиаг æй Республикæн. Хъæбæр карзæй дзурд раттетæ, хуар æфснайгæй, зæнхкосгути алцæмæй дæр гъæуай кæнуни æма æфсæддонтæ стъегъгæ, тухмиуæ ку кæнонцæ æма æнæзакъонæй хуар ку есонцæ, уæд фудгинти æнæхатирæй æхсуни туххæй. Аци амунд куд æнхæстгонд цæуй, уой мин фегъосун кæнетæ.

Гъæуайкæнуйнади Совети сæрдар
Ленин.

Мухургонд цæуй фиццаг хатт, къохфинстмæ гæсгæ.

***Махмæ гæсгæ, зундгин ка 'й, е евгъуд рæстæгутæ нецæййаг неци хузи искæндзæнæй. Æнæраст гъуддагбæл банимайдзæнæй уæхæн миуæ, æма уомæ гæсгæ ба лæмбунæг æркæсдзæнæй, ци си адтæй, цитæ си цудæй, æма си абони ка нæ бæззуй, уони æнцад ниууадздзæнæй, бафæнзуйнагæй си ци разинна, уонæй ба æ архайди испайда кæндзæнæй.***

***Уобæл дæр нæ расагъæс кæнуй, æма æхуæдæг дæр ескæд евгъуд рæстæг исуодзæнæй æма ин гъæуама цийфæнди ма уа, æ фæдонтæ имæ ци цæстæй кæсдзæнæнцæ, е. Уомæ гæсгæ ба уобæл архайун гъæуй, цæмæй дæбæл кæддæр æрцæуа нæ фидтæлти зундгин загъди хуарздзийнадæ, етæ ба уотæ загътонцæ: «Ескæд фурти фурт дæр зондзæнæй, бабай нивæй ке цæруй, уой!»***

***«Марксизм нæ рагæлста, – финста В. Ленин, – буржуазон доги уæлахезтæ, е нæ, фал ма исахур кодта æма хуæздæр райаразта, дууæ мин анземæй фулдæри дæргъи адæмти зунд æма културри ирæзти хуарзæй цидæриддæр ес, уони».***

***Еци хуарздзийнадæ нæ бæстæн берæ рæстæгути хъæбæр испайда æй. Æз уотæ нæ зæгъун æма евгъуд доги алцидæр хуарз адтæй. Уой туххæй дæр В. Ленин раст загъта: «Евгъуд дзаманæй ци бунтæ байзадæй, уони, мæнæ архивариустæ зæронд гæгъæдитæ куд гъæуай кæнунцæ, уотæ ма гъæуай кæнæн. Бунтæ гъæуай кæнун æгириддæр уотæ нæ амонуй, æма уонæй идарддæр неци гъæуй».***

***Гъæуй, æнæмæнгæ, гъæуй. Æнæ нæуæгдзийнадæй бабæй куд ес размæ цæуæн. Æма уогæ дæр уотæ адтæй!.. Цалинмæ ма нæ паддзахадæн разамунд лæвардта И. Сталин, цалинмæ ма нæ фидибæстон адæмон хæдзаради еугур къабæзти, хецæн промышленнон æма гъæууонхæдзарадон кустуæтти сæргъи лæудтæнцæ еумæйаг гъуддаги æнтæстдзийнадæбæл зæрдиагæй ка тухстæй æма, сæхе пайдайæн нæ, фал фæллойнæгæнæг адæми хуарзбæл рæстуодæй ка архайдта, уæдмæ. Уомæ гæсгæ нæ Цæдес адтæй тухгин, не 'знæгтæ нæмæ æвзедун нæ, фал уотид зулун каст æрбакæнун дæр не 'ндиудтонцæ.***

**ВЛАДИМИР ЛЕНИНÆН АЛКÆДДÆР КАДÆГОНД ЦУДÆЙ ÆМА ЦÆУДЗÆНÆЙ ЦÆГАТ ИРИСТОНИ**









**Фæллойнæгæнгути фæтæг Владимир Ленин рамардæй, зæгъгæ, уæззау хабар Мæскуйæй Цæгат Иристонмæ дæр ку исигъустæй, уæд нæ дзиллæ еугурæйдæр хъæбæр бахъонц кодтонцæ, куд нæмæ фæууй, уотæ ин мæрдæгъдæуттæ дæр искодтонцæ. Уæд ин хуæнхбæсти ниввардтонцæ циртдзæвæн дæр – нæ бæсти фиццаг циртдзæвæн фæтæгæн.**

**Фæстæдæр, 1924 анзи Хуæнхон облæнхæсткоми бюрой æмбурди рахастонцæ унаффæ – Дзæуæгигъæуи Театралон фæзи Ленинæн циртдзæвæн исæвæруни туххæй. Æма еци циртдзæвæн (æ исаразгутæ – скульптор В.В. Козлов, архитектор Е.И. Дескубес) æвæрд æрцудæй 1926 анзи 8 августи. Е ами фæллæудтæй 1957 анзи уæнгæ – еци анзи 6 ноябри аци фæзи, кæци абони дæр ма хæссуй Ленини ном, фæтæгæн æвæрд æрцудæй нæуæг, никки агъазиаудæр циртдзæвæн (æ исаразгутæ – скульптор, академик З.И. Азгур, архитектор Г.А. Захаров). Раздæри циртдзæвæн ба æвæрд æрцудæй Алагири сæйраг фæзтæй еуеми.**

**Цæгат Иристони гъæутæ æма сахартæй беретæми ес Ленини номхæссæг гъæунгтæ.**

**Уæрæсей Федераций æскъуæлхт юрист, финсæг Æлдаттати Константини фурт Батразбæл 17 январи исæнхæст æй дæс æма æртинсæй анзи. Зæрдиагæй ин арфæ кæнæн.**

***Разговаривают два пенсионера, ожидающих приема у врача:***
***– Эти врачи пишут как курица лапой! В рецептах ничего невозможно разобрать!***
***– Вот и хорошо! Я по своему рецепту целый год ездил бесплатно в трамвае, полгода ходил в оперный театр, а теперь еще получил прибавку к пенсии!***

## АЛЛИ ДЗУРДÆН ДÆР АДÆММÆ ÆХЕ ÆРÆВÆРÆНТÆ ЕС



# ЦИ АМОНУЙ ДЗУРД «КÆФХЪУНДАР»

Нур асæ лæгæй кæсун нæ дзурдуæттæмæ æма дес кæнун: ирон-уруссаг дзурдуати дзурд «кæфхъундар» æгириддæр нæйес. Уруссаг-ирон дзурдуати «крокодил» иронау дæр хуннуй… **крокодил**. Цæрæгой дракони ирон ном ба 'й **кæфхъундар**. Миллери дзурдуати 2 томи 686 фарсбæл ба ес дууæ дзурди: **кæфхъун** æмæ **кæфхъундар**. Кæфхъун, дан, æй «запруда в реке», кæфхъундар ба «державший запруду, владеющий запрудой, (в сказках: про дракона, задерживающего воду»). Аци дууæ дзурдемæй фиццаг, мæ нимадæй, дзурдуат ка аразта, етæ æримистонцæ. Уомæн æма запруда хуннуй **ауæзт**, **донауæзт**, **ауазæн**, **донмарæн**. Дзурд **кæфхъун** æмбæлуй айдагъдæр Миллери дзурдуати. Абайти Васой уруссаг-ирон дзурдуати **кæфхъуындар** æй **дракон**. Æ этимологион дзурдуати æй дех кæнуй уæхæн хузи: **«кæф+хъуын+дар»**, гъома, **«рыба+шерстью+покрытая»** = **«дракон»**.

Уæхæн нимад Васомæ рагæй ес, æ киунугæ «Осетинский язык и фольклор»-и дæр раст уотæ финст æй. Æцæг уоми дзурд дех æй дууæ хайебæл: кæф+хъуындар. Гъома, **кæф** æй номдар, **хъундар** ба – æ эпитет. Бæрæггæнæн дзурд номдари фæсте – е скифти æвзаги нормативон фæткæ адтæй. Аци дех мæнмæ растдæр кæсуй. Фал еумæйагæй ранимад факттæ адæймаги æфтаунцæ дузæрдугбæл…

Фиццаг е, æма **хъундар** дзорæн нæййес. Еуемæй кæфбæл гъун нæ зайуй (æ бауæрбæл ес хæрвæ, гъун ибæл нæййес), фал ибæл ку зайидæ, уæддæр æй **хъундар** нæ, фал **гъунгун** хонианæ. **Дарæн цæмæн ес, уомæн гъæуама рагæлдзæн дæр уа.** Кæфæн æ гъун рагæлдзун æ бон нæй æма мæлæти бонмæ уайдæ **гъунгун**. Лæгæй ес зæгъæн **хелдар+æг** (саударæг нæлгоймаг), уомæн æма е æ рехæ **ниддасуй**, **рагæлдзуй**.

Дуккаг е, æма кæд кæф дони бадуй, уæд гъæуама **хъундар** нæ, фал **дондар** уа. Мæнæ скифти знæмтæй еу куд хуннуй, уотæ: **дандарии-дондартæ**. Æма уæд Миллери дзурдуати гъуди раст æй: **кæфхъундар – кæф (рыба)** «держащий запруду, владеющий запрудой». Уæхæн нимадæн æ аййеп айдагъ е æй, æма дзурд раст дех нæ цæуй: **кæфхъун+дар**. Дзурд раст дех кæнуй Васо: **кæф+хъуындар**. Гъома, **хъундар** æй кæфи эпитет æма амонуй **дондар**. Гъома, дон ке къохи æй, адæмæн си хæссун ка нæ уадзуй æнæ лæгнивонд, еци тогцъух цæрæгой.

Кæд уотæ 'й, уæд дзурд **гъун** гъæуама нисан кæна **дон** (донмарæн), **шерсть**, **волос** нæ, фал. Уотемæй ба **гъун** некæд æма неци хузи нисан кæнуй дон. Ами нæ гъуди цума унгæги бахаудтæй, уотæ зиннуй. Фал ма си, мæ нимадæй, еу фадуат ес нæ этимологий рæстдзийнадæ бафедар кæнунæн… Кæд, æмгъæлæсон **н** æ халдех **м-й** бунат байахæста? Гъома, раздæр адтæй **хъундар**, уæдта адæмон «этимологий» бундорбæл раййивта (дзурд **хъум** æстæн адæм зонунцæ, **гъун** ба – алкедæр) зин лæдæрæунæй æнцондæр лæдæрунмæ?.. Ами нимайуйнаг æй е дæр, æма ирон **м** – дигорон лексики ахид æййивд цæуй **н**-мæ, **ахæм-уæхæн**, **адæм-адæн**, **Силæм-Силæн æма æнд**).

Кæд хабар æцæгæйдæр уотæ адтæй, уæд **кæф+хъундар** нисан кæнуй – «кæф»+владелец смута, держатель речной заводи». Уæхæн хузи аргъæутти цæрæгойтæбæл, дони бадæг тухгæнæгбæл, лæгхуарбæл хуарз федауй æ ном – **кæф+хъум+дар**…

Фал кæд æмгъæлæсонтæ **-н** æма **-м** нæ феййевдзи 'нцæ, уæдта ци кæнæн? Уæд æндæр этимологийæн неци хузи ес иссерæн?..

Мæ нимадæй ма ес, еу æндæр этимологион вариант.

Уотæ мæмæ кæсуй, цума термин **кæф+хъундар** æй дууæ номдаремæй конд композит. Гъома, мæнæ уруссагау **рыба+кит** куд æй, уотæ. Гъома, фиццаг дзурд **кæф** æй нæхе æвзаги лексики еуæг, дуккаг ба – æндæр æвзагæй æрбайсгæ. Зæгъæн, мæнæ силгоймаги ном куд арæзт æй, уотæ – **Хура+мзе**. Фиццаг дзурд – ирон **хур**, дуккаг дзурд ба гурдзиагау хори ном **«мзе»**. Кенæ камари-рон (фиццаг дзурд гурдзиаг, дуккаг ирон, фал сæ нисан еу æй – **«пояс»**), кенæ ба гурдзиаг дзурд **си+рча** (уотæ хуннуй гурдзиаг ниуазæн) – фиццаг дзурд **си** æй ирон **сыкъа** (**абар+си+он**=сыкъаджын), дуккаг ба гурдзиаг **сикъа+рка=рча**.

Фæууæд уотæ, фал дуккаг компонент **хъундар=кундар=кондар** ци амонуй æма ци æвзагæй ист æй? Мæнмæ гæсгæ, е æй бердзейнаг дракони инверсион хузæ: **кон+дра=кон+дар=кун+дар=гъун+дар**. Ка 'й зонуй, кæфхъундар ци хузæн æй, уой ке нæ зонæн, айдагъдæр нæбæл аргъæутти ке 'мбæлуй, е дæр баст æй æфстау дзурд ке 'й, уобæл. Бердзени скифтæ денгизи билтæбæл цæрæгæй зудтонцæ. Ка 'й зонуй, дони дæр уомæн бадуй аргъæутти медæгæ?

* * *

*Уруссаг дзурд «дракон» дигорон æвзаги амунд цæуй æртæ номемæй: «кæфхъундар», «руймон» æма «залиаг». Уой фæдбæл мухур кæнæн дууæ таурæхъи.*

## РУЙМОН

Рæуес ку низзайуй, уæд æваст идардмæ рауайуй æма идардæй æ бæдолæмæ æркæсуй: æхе хузæн ку уа, гъома, сабур ку уа, уæд саг æй, æма си тас нæййес, фæстæмæ имæ æрæздæхуй дзедзе дарунмæ. Фал рæуес аллисауæнгæ уæхæн нæ зайуй. Еуæй-еу хатт низзайуй хелаги хузæн. Руймон, зæгъгæ, хуннуй махмæ. Е ма фиццаг минкъий ку фæууй, уæд æ цæститæй дæр нæ фæккæсуй. Нанæуадæр – сабур нæ 'й, зæгъгæ, уæд бæлæстæ æд къадотæ рæдовуй, зæнхæ æ дæндæгутæй хуæруй. Руймонæй æ мадæ идард ледзуй.

Уорс Йелиа (арв гъæр кæнуни æма арвæрттивди бардауæг, Уацелла) ба адæми сагъæс кæд кодта? Руймон адæми знаг ке 'й, уой зонуй æма имæ æ цæстæ даруй. Куддæр райгура, уотæ цалинмæ æ цæститæй ракæса, уалинмæ имæ уæларвæй Йелиа æфсæн рæхис мегъи хæццæ рауадзуй, æ хъурбæл ин æй рафтауй æма 'й уæлæмæ ласун байдайуй. Æ цæстити ракастмæ ба ин уомæн хæлæф кæнуй, æма, æ цæститæй ракæсгæй, цидæр бæстæ рауина, уоййасæ раирæзуй. Уæларвмæ 'й ку фæлласуй, уæддæр айдагъ æ гъæрæй, ка 'й фегъоса, уонæбæл нез растун кæнуй. Уæларвмæ 'й мæрдти уодтæн иуарунцæ. Етæ ба 'й фицунцæ, æма ин æ басæй ка бацумуй, е ба куд рамардæй, уотæ бабæй фестуй.

Адæймагæн æ адзал ку 'рхæстæг уа, уæд уосæн исбадунцæ тæрхони цуппар уоси, лæг ку уа, уæд лæгæн ба – æхсæз лæги æма ин уотемæй тæрхон искæнунцæ. Еци тæрхони фæсте лæг æ тухи нæбал фæууй, фал уод уодхарæ кæнуй. Е 'мгъуд ку 'рхъæртуй, уæдта ин уодесæг æ уод исесуй. И уод ка 'й, е цалинмæ 'й байвæронцæ, уалинмæ марди сæрти тæхуй. Мард ку рахæссунцæ, уæд æ уод дæр æ сæрти тæхуй; цирти æй ку нивværунцæ, уæдта и уод дæр ниххезуй циртмæ æма и марди бабæй бацæуй. Мард æхе æртæ хатти рахъел кæнуй. Уой фæсте уод фæстæмæ раздæхуй æма исдзоруй: «Ци 'й а? Нурмæ дæр куд хастон аци толдзæ къудурон?» Уотемæй ратæхуй æма уæларвмæ фæттæхуй. Уоми ба 'й рæхиси авд цъасеми раласунцæ æма, ци хузæн адтæй, еци хузи бабæй бацæуй.

* * *

## ГÆЛИАТИ ХЕЛАГÆ

Гæлиати гъæугæрон ес уæхæн бунат, æма си кæддæр гъæубæстæ уоми æфснайдтонцæ сæ хуар, сæ есбон. Еу фæззæг ку ралæудтæй, уæд кæцæйдæр æрбахилдæй залиаг хелагæ. Еци бунатбæл æхе æртухта тæлий хузæн, æ къæдзелæ æ цъухи бакодта. Адæмæй имæ хæстæг бацæун неке æндиудта. Устур сагъæси бацудæнцæ, зудтонцæ, æстонгæй се 'сфæт ке 'рцæудзæнæй, уой. Уæд разиндтæй еу бæгъатæр лæхъуæн, Хъантемурти муггагæй, – исфæндæ кодта адæми фидбилизæй фæййервæзун кæнун. Лæхъуæн гал равгарста, æ цъарæ ба ин æ уæле искодта, уотемæй æй хормæ ниссор кодта. Цъарæ биццеуи æмбауæр ку ниссор æй, уæд е бæхбæл исбадтæй æма гæрзефтонгæй хелагæмæ бампурста. Берæ фæттухтонцæ, еу афони ба биццеу фæррæстмæ 'й æма кардæй ракъуæрдта хелаги сæр. Сæ тох цудæй донмæ хæстæг. Хелагæй уойбæрцæ тог фæццудæй донмæ, æма си æнæгъæнæ анз баниуазæн нæбал адтæй.



Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службi Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 119**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 22.01.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 22.01.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**